



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

Referans : ADM 4411-1-11-50-02-23

2014 - 2018

1^e Pati Odit la

Transmisyon :

Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen

Pou:

Kou Siperyè Dèkont ak Kontansye Administratif

Jiyè 2023

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

Rapò Odit 2014-2018 (1^e Pati)

I.- Prezantasyon jeneral Rapò Odit la

Entwodiksyon

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se yon enstitisyon endepandan. Li fonksyone avèk de (2) antite administratif :

- 1- Yon Konsèy Administrasyon (KAD) - ki gen 7 Manm, ki soti nan Eleksyon chak de (2) lane. KAD la reprezante Konsèy Akademisyen an. Prezidan KAD la jwe wòl Òdonatè pou Administrasyon an. Akademisyen yo pa fonksyonè.
- 2- Yon Sekretè Egzekitif (SE) - ki se fonksyonè Leta - ki nan tèt biwo Akademi an. Se li ki ap dirije Sekretarya Egzekitif la anba direksyon KAD la.

Nan dat 3 Avril 2018, Prezidan Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen, Akademisyen Jean Pauris JEAN BAPTISTE, te ekri Kou Siperyè Dèkont ak Kontansye Administratif pou li te mande li fè odit enstitisyon an, apre li te fini boukle de (2) manda kòm Prezidan Konsèy la.

Men, depi nan ane 2019, AKA rantre nan yon boulvès lokal (demenajman, biwo pwovizwa), li pa te an mezi relanse kesyon odit la. AKA pran lojman nan Bwa Vèna an janvyè 2023. Konsa, lèt demann odit CSC/CA nan dat 10 fevriye 2023 byen rive kote AKA koumanse reprann fonksyonman nòmal li. Kou Siperyè Dèkont ak Kontansye Administratif mande Prezidan KAD la pou li prepare odit AKA pou uit (8) ane fonksyonman li yo. (2014-2022).

Jan AKA esplike sa nan lèt li ekri Prezidan Kou a, Madam Fethière, li an mezi pou li prezante pou kounye a, yon 1^e pati rapò odit la pou kat (4) premye ane yo akòz plizyè difikilte ak kontraryete li t ap viv.

Konsa AKA ap prezante yon rapò odit pou 2014-2015 ; 2015-2016 ; 2016-2017 ; 2017-2018.

- **Ane 2014-2015**

Se premye ane fonksyònman Akademi Kreyòl Ayisyen. Priyorite a se te monte biwo AKA, jwenn yon lokal, rekrute premye anplwaye yo, achte yon machin, reyalize premye aktivite yo dapre pwogram aktivite ki soti nan Asanble Jeneral Akademisyen ak Konsèy Administrasyon an. Selebrasyon Jounen Lang ak Kilti kreyòl 28 Oktòb, selebrasyon Jounen lang matènèl 21 fevriye, Asanble Jeneral Akademisyen. Vizit Akademisyen nan enstitisyon nasyonal yo pou pledwaye pou pwomosyon lang kreyòl nan enstitisyon yo.

AKA reyalize plizyè atelye avèk plizyè sektè pwofesyonèl pou estandadizasyon òtograf Lang kreyòl ayisyen an. Li siyen yon patenarya avèk MENFP.

Pou ane 2014-2015 lan, AKA te resevwa kòm bidjè : 14,231,199.96 goud ak yon sibvansyon de milyon (2,000,000.00) goud nan men MENFP.

- **Ane 2015-2016**

Se dezyèm ane fonksyònman AKA. Sekretarya Egzekitif la ranfòse Direksyon yo nan Sekretarya : Direksyon Syantifik, Direksyon Kominikasyon, Direksyon Administrasyon. Konsèy Administrasyon an lanse karavàn AKA nan tout Depatman yo. Se nan vil Gonayiv, Site Endepandans peyi a, AKA inogire aktivite sa a nan okazyon selebrasyon Jounen Lang matènèl. AKA rapousuiv atelye pou estandadizasyon òtograf kreyòl la, li rapousuiv kanpay pwomosyon lang kreyòl nan enstitisyon yo, li lanse fowòm nan Inivèsite yo sou plas lang kreyòl nan ansèyman siperyè.

AKA tabli yon patenarya avèk UNESCO pou selebrasyon konjwen Lang ak kilti kreyòl nan peyi a, li tabli yon patenarya avèk Ministè Kilti ak Kominikasyon nan kad selebrasyon Jounen lang kreyòl.

Pou ane 2015-2016 la, AKA te resevwa kòm bidjè : 22,031,199.96 goud / kontribisyon 38,000.00 goud nan men Akademisyen ak yon sibvansyon UNESCO \$ 8,000.00 (US).

- **Ane 2016-2017**

Se Twazyèm ane fonksyònman AKA. Konsèy Administrasyon an pibliye ofisyèlman **Premye Rezolizyon pou estandadizasyon òtograf lang kreyòl ayisyen an**. Li reyalize a pati yon konkou nasyonal, logo enstitisyon an, li jwenn yon patenarya avèk OMRH pou asire

fòmasyon anplwaye li yo nan domèn Etik Pwofesyonèl ak Prensip administratif, li koumanse fòmasyon pou Jounalis nan domèn kominikasyon kreyòl, fòmasyon pou Pwofesè kreyòl nan domèn didaktif lang kreyòl, kòm lang matènèl.

AKA antreprann avèk konkou UNESCO tradiksyon nan lang kreyòl dokiman UNESCO te pwodui avèk MENFP sou *Kesyon devlopman dirab ak pwoblèm ki konsène sitwayen* pou fòmasyon pi dyanm elèv ayisyen yo.

Pou ane 2016-2017 la, AKA te resevwa kòm bidjè : 25,031,199.96 goud ak yon sibvansyon UNESCO \$ 11,000.00 (US).

- Ane 2017-2018

Se katriyèm ane fonksyonman AKA. Konsèy Administrasyon an rapousuiv atelye pou estandadizasyon lang kreyòl ayisyen pou yon 2èm Resolizyon. Li rapousuiv karavàn AKA nan plizyè vil pwovens, Tomond, Lenbe, Bomon. Pou selebrasyon Lang kreyòl AKA pase nan Latibonit ak nan Depatman Nò, Se ak Asosyasyon Pwofesè kreyòl Depatman Nò ak Nòdès AKA reyalize mwa kreyòl 2017 ak seremoni ofisyèl 28 oktòb nan vil Milo sou sit Sitadèl la.

Se nan ane sa a, AKA te kreye yon espas rankont pou Akademisyen *Espas Refleksyon Akademisyen*. Se yon lide nan objektif pou kreye yon koulwa deba ak diskisyon nan mitan Akademisyen yo sou yon seri pwoblematik imedyà ki marande ak lang ak kilti kreyòl la. Se te okazyon pou Akademisyen yo te debat sou « *Plan Décennal d'Éducation et de Formation 2012-2027* » ak *Kominike MENFP la (Out 2018)* ki anonse pa gen egzamen Kominikasyon kreyòl nan egzamen ofisyèl nan Nouvo Segondè. Apre rezolisyon travay Akademisyen yo, MENFP te blije fè bak sou desizyon sa a.

Ak sipò finansye UNESCO, AKA reyalize aktivite mwa lang matènèl ak seremoni ofisyèl nan sal Konvansyon Bank Nasyonal Repiblik Ayiti. Se avèk UNESCO AKA reyalize tradiksyon nan lang kreyòl dokiman *Gestion des Risques et des désastres* pou elèv lekòl ak manm popilasyon sivil la pou pèmèt yo kapte pi byen konpòtman yo dwe genyen nan peryòd katastwòf.

Pou ane 2017-2018 la, AKA te resevwa kòm bidjè : 35,031,200.00 goud ak yon sibvansyon UNESCO \$ 18,000.00 (US)

Deskripsyon rapò odit la

Pou chak ane odit la, AKA ap prezante uit a nèf (8 a 9) lo dokiman enprime ak yon (1) kle USB pou dokiman yo li eskane pou ane a. Pou chak lo, AKA ap eskane tout dokiman yo : 1.lis depans, 2. rekizisyon, 3. kopi chèk, 4. resi, 5. Fakti, fich livrezon, 6. pwofòma, 7. Atestasyon sèvis, 8. Memorandòm, 9. pyès idantite, kontra si nesèsè ... men se kopi lis depans yo ak 4 premye eleman ki nan dosye yo, AKA ap prezante nan lo enprime yo, nan lide pou li fè ekonomi lank ak papyè pou li ka fini odit la. Kidonk chak lo ap genyen : 1.Lis depans, 2.rekizisyon, 3. kopi chèk, 4. resi, 5. fich livrezon.

Si yon dosye manke yon pyès, AKA ap pote yon nòt jistifikatif ki esplike dosye a, annatandan li ka ale rekipere pyès ki manke yo nan Achiv istorik Ministè Ekonomi ak Finans nan ENAF, nan zòn *Tabarre*. Pèsonèl Direksyon Administratif AKA rete a dispozisyon oditè yo pou tout kesyon ak lòt enfòmasyon.

Men lis dokiman AKA prezante nan rapò odit pou chak ane yo dapre direktiv CSC/CA :

I. Dokiman ak enfòmasyon preliminè

1. Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen
2. Regleman Entèn AKA
3. Òganigram AKA
4. Lis non ak fonksyon anplwaye AKA (2014-2022)

II. Rapò administratif AKA pou Ane a

1. Prezantasyon jeneral rapò odit AKA
2. Rapò aktivite ak rapò finansye pou ane a (Rezime)
3. Bilten AKA pou ane a (Rezime Enfòmasyon ak aktivite ane a)
4. Eta kont AKA-MEF / Lis depans AKA-MEF pou ane a.

III. Rapò depans sou bidjè AKA nan MEF / Ribrik 100...180

Lis rekizisyon ak pyès jistifikatif

IV. Rapò depans sou bidjè AKA nan MEF / Ribrik 280

Lis rekizisyon ak pyès jistifikatif

V. Rapò depans sou bidjè AKA nan MEF/ Ribrik 280 (2/12 oswa kat kredi)

Lis rekizisyon ak pyès jistifikatif

VI. Rapò depans sou bidjè AKA / Ribrik 280 pou Ti kès AKA (sèvis ak byen)

Lis depans ak pyès jistifikatif

VII. Rapò depans sou Kont kouran / Sibvansyon AKA resevwa pou selebrasyon Mwa lang ak kilti kreyòl (Oktob) ak Lang matènèl (Fevriye)

1. Lis depans ak pyès jistifikatif / lis chèk ki anile oswa chèk ki retounen.

VIII. Envantè byen AKA pou Ane a (Mobiliye / Founiti / Materyèl)

Envantè Imobilizasyon (Teren, Kay AKA posede)

Konklizyon

Akademi Kreyòl Ayisyen gen plezi transmèt CSC/CA odit kat (4) premye ane yo malgre kontrent ak difikilte li kontre sou chemen li. AKA pwofite okazyon sa a pou li remèsye CSC/CA pou relans odit la nan ane 2023 a, kote li enstale nan lokal li ak tout dosye li, ak tout pèsònèl li.

AKA kontan reyalize odit sa a sou premye ane fonksyònman li yo, selon kritè CSC/CA fikse yo. Se bon okazyon li jwenn pou li mete plis lòd nan Administrasyon an epi konble feblès li anrejistre nan sistèm nan.

Soti nan ane 2014 (kote AKA enstale Premye Akademisyen li yo) rive an 2018 (kote AKA pote MENFP retounen ak Kominikasyon kreyòl nan Egzamen ofisyèl Nouvo segondè), Akademi Kreyòl Ayisyen jwe wòl li kòm gadyen lang nan, jan Konstitisyon peyi a mande sa (Atik 213). Kat (4) premye ane yo te difisil pou AKA akòz bidjè AKA te mèg anpil. **(14,231,199.96 goud - 35,031,200.00 goud).**

Malgre gwo restriksyon, Ant 2014 ak 2018, AKA :

- monte yon biwo administratif pou li koumanse travay kòm enstitisyon (lwaye kay, machin, pèsònèl, mobilye...)
- fè santi prezans li nan popilasyon an pou tout moun pran men yo kanta fòs kote ki enstale nan sitiyasyon sosyo-lengwistik peyi a.
- pibliye Premye rezolisyon pou estandadizasyon Lang kreyòl ayisyen an ak sipò MENFP ;
- lanse epi reyalize kanpay vizit nan plizyè enstitisyon Leta ak enstitisyon prive nan Pòtoprens ;
- lanse epi reyalize Karavàn AKA nan plizyè vil pwovens nan okazyon selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl (28 oktòb), ak Jounen Mondyal Lang Matènèl (21 fevriye) ak sipò UNESCO, kote AKA onore plizyè pèsonalite ki make evolisyon lang kreyòl ayisyen an.
- òganize Konferans nan plizyè lekòl segondè ak Inivèsite sou Dwa Lengwistik an Ayiti;
- òganize Fowòm sou plas lang kreyòl nan Ansèyman Siperyè. Jounen Jodi gen plis pase 16 etidyan ki ekri epi defann travay memwa yo an kreyòl nan nivo lisans nan Inivèsite a.

Se vre tou, anpil nan pwogram ak ativite AKA rete dòm nan tiwa paske pa gen mwayen nan bidjè a pou enstitisyon an reyalize yo. Se vre tou, biwo AKA pa bay tout potansyalite li, paske pa gen pèsònèl, materyèl ak founiti sifizan pou li travay kòm sadwa.

Men, pou AKA, sa ki pi enpòtan se pou li byen jere resous li genyen epi rann kont sou tranzaksyon finans li.

Konsa, AKA kontan transmèt dosye odit la. Li pare pou resevwa oditè yo, pou li reponn kesyon yo, prezante yo dosye siplemantè yo ta bezwen. AKA pare tou pou li resevwa kritik, remak ak sijesyon ki pou pèmèt li amelyore jesyon dosye administratif ak finansye enstitisyon an pou pi bon randman.

Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen ak Prezidan li kòm Òdonatè swete Kou Siperyè Dèkont ak Kontansye Administratif bon kontinyasyon. Annatandan rezilta odit la, Sekretarya Egzekitif Akademi an ap rapousiv avèk kat (4) lòt ane yo (2018-2022).